

---

## GEN CHANJMAN KI FÈT NAN MANYÈL POU MANM YO POU L KA GEN PLIS SÈVIS

### Sèvis Mobil Triyaj ak Repons nan Telefòn lè Gen Kriz

Apati 1ye mas 2024, MetroPlusHealth pral kouvri sèvis mobil triyaj ak repons nan telefòn lè gen kriz pou manm ki gen mwens pase 21 an. Sèvis sa a gentan disponib pou manm ki gen 21 an e ki pi gran yo.

Nan moman an, manm ki gen mwens pase 21 an yo ka gen aksè ak sèvis mobil triyaj ak repons nan telefòn lè yo itilize kat Medicaid yo. Apati 1ye mas 2024, ou ka itilize kat asirans MetroPlusHealth ou a pou w resevwa sèvis sa a.

Ekip k ap jere kriz yo ka ede w, pitit ou, oswa manm nan fanmi w ak sante mantal ak sentom kriz depandans. Pami sentom sa yo, w ap jwenn:

- anksyete k ap ogmante,
- depresyon,
- strès akoz yon gwo evènman oswa chanjman nan lavi a, oswa
- bezwen pale ak yon moun pou anpeche w deteryore.

Ou menm ak fanmi w ka rele epi pale ak yon pwofesyonèl konsènan yon kriz, jwenn sipò, epi konekte ak lòt sèvis lè sa nesesè.

Si w na moman kriz, ou ka rele oswa voye yon mesaj nan 988 oswa pale nan mesaj sou [www.988lifeline.org](http://www.988lifeline.org) 24 sou vennkat, 7 sou sèt.

Pou aprann plis konsènan sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).